# НУР

6+

ISSN 0207-6551

5

2021



АФIЭУНЭ ЛИУАН

# СИ ХЭКУ



Дыгъэм и хуабагъыр,
Уафэм и къащхъуагъыр,
ЩIылъэм и щхъуантIагъыр,
Къуршхэм я инагъыр,
Мазэм и нурагъыр,
Вагъуэм я лъагагъыр,
Губгъуэм и кIыхьагъыр,
Гъавэм и бэвагъыр,
Мэзхэм я дахагъыр,
Псыхэм я къабзагъыр –

## СИ НЭ-СИ ПСЭЩ!

Дадэ и хъуэхъуэк1эр,
Нанэ и пщэфIэкIэр,
Папэ и лэжьэкIэр,
Мамэ и бын пIыкIэр,
ЦIыкIухэм я зекIуэкIэр,
Жыгхэм я гъэгъэкIэр,
Уэшхым и къешхыкIэр,
Уэсым и къесыкIэр,
Бзухэм я лъэтэкIэр,
Я уэрэджыIэкIэр –



Си адыгэ Хэкур,
Си адыгэ жьэгур,
ЛIыгъэ зыхэлъ цIыхур,
Ди щIэблэщIэ тIэкIур,
Зэрылъытэныгъэр,
Зэхуэпэжыныгъэр,
Адыгэ нэмысыр,
Лъагъуныгъэ нэсыр
Си нэ-си псэщ !
ФIыуэ щыIэ псори –
Дывгъэхъумэ, маржэ,
ДыхущIегъуэжынщ!



# Майм и 9-р ТекIуэныгъэ лъапIэм и махуэшхуэщ

Мы усэр Залинэ зытритхыкIыжар Арщыдан щыпсэу ***Шыпш Адэльбий*** и сабиигъуэ хъыбар гуузщ. Зауэу щыIэр лыгъейщ, я лъэужьри лыгъуахуэщ.

ШЫПШ-БЭЧБО Залинэ

## ТЫБИ ДАДЭ

И пащIэ кIапэр пилъэщIыкIыу
Ди дадэ унэм къыщIэкIащ,
И гукъэкIыжхэр зэIипщIыкIыу
Хъыбар жиIэну къэтIысащ.

СфIэфIт дадэ жиIэм седэIуэну,
Къэзгъанэу Iэхуу къесхьэжьар.
Сыхуейти зыризгъэщIэгъуэну,
Къызэхуэсшэст ныбжьэгъуу хъуар.

«Хъыбар еIуатэ Тыби дадэ», –
ЖысIамэ, псори къызэхуэст.
КъыдэкIыу псыхъуэ, къикIыу хадэ,
Дакъикъэ бжыгъэм ахэр къэст.

"Илъэс куэд япэ, сысабийуэ,
Мэлыхъуэ си адэм дигъэкIуат.
Зэкъуэшхэр, дызэрыхьзэрийуэ,
Губгъуэ хуитышхуэм дилъэдат.

Гъэмахуэ хуабэу дыгъэр гуащIэт,
Мэл хъушэр хъупIэм иубгъуат.
Дэ мыIэрысэр IэфIу, куэду
Мэз лъапэм деж къыщытщыпат.

ЖьауапIэм фIыуэ дыщIэсауэ,
Дыплъэну мэлхэм дытэджащ.
Зырыз-тIурытIу щхьэрыуахэр
Я хъушэм дэ хэдгъэхьэжащ.

Апхуэдэу губгъуэр къыздэткIухьым –
ГъущI хъурей кIапэ къэдгъуэтащ.
Ар зэуэ фIэтлъхьэри баш кIыхьым,
Дгъэджэрэзыжу дыщIэпхъуащ.

Дыриджэгуащ абы хъарзынэу,
Дэнэ щытщIэнт зищIысыр ар?
Зыдгъэхьэзырт ар унэм тхьыну,
Дунейр къутэжу къэмыуам!

Ар къыщIэкIащ нэмыцэ бомбэу–
БлэкIа зауэжьым и Iэужьт.
Си щIылъэм дахэми и нобэр
ЩIихуат зауэжьым и акъужь.

Сыгужьеят, хэкIауэ си псэр.
Си нэпсхэр уэшхыу къелъэлъэхт.
Схуэмычт лъэбакъуэ, жауэ си лъэр.
Дунейр кIэрахъуэт, си гур мэхт.

...Зэман дэкIауэ зыкъэсщIэжмэ -
Сымаджэщ пэшым сэ сыщIэлът.
Си Iэ лъэныкъуэр бидэу пхауэ
ГъуэлъыпIэ хужьым сэ сыхэлът.

Нэмыцэ гъуамэм и гъущI кIапэм
Си къуэш нэхъыжьыр текIуэдащ.
А зауэ жагъуэм и фэеплъу,
Гъущl кIапэ си Iэм къыхэнащ.

## ТХЬЭРЫКЪУЭР МАМЫРЫГЪЭМ И ДАМЫГЪЭЩ!

Тхьэрыкъуэ цIыкIум усэ хузэхалъхьэ, уэрэд хуаус, ныпхэм и сурэт тращIыхь. Ар цIыхум ягъэхъу, адрей бзухэм халъагъукI, пощтзехьэу ягъасэ. Езы тхьэрыкъуэми цIыхур фIыуэ елъагъу, шхынкIэ къыщогугъ, унащхьэхэм щопсэу.

### Тхьэрыкъуэ псалъалъэ

Тхьэрыкъуахъуэ – тхьэрыкъуэ зыгъэхъу;
Тхьэрыкъуэщ – тхьэрыкъуэ унэ *(голубятня)*;
Тхьэрыкъуэ – унэ тхьэрыкъуэ;
ТхьэрыкъуапцIэ – псыхъуэ тхьэрыкъуэ;
Хытхьэрыкъуэ – хым щхьэщыуфэразэ борэнпежьэ бзу *(буревестник)*;
Хы тхьэрыкъуэ пэ фIыцIэ – хы бдзэжьеящэ бзу *(чайконосная крачка)*;
ТхьэрыкъуэIэл – мэзтхьэрыкъуэ бзаджэ;
Губгъуэ тхьэрыкъуэ – тхьэрыкъуэ къащхъуэ *(сизый)*;
Къурштхьэрыкъуэ *(сизый скалистый)*;
Къыртхьэрыкъуэ *(скалистый)*;
Тхьэрыкъуэлъэбыцэ *(мохноногий)*;
Тхьэрыкъуэ пщэху *(вяхирь)*.

---



АФIЭУНЭ Лиуан

### ТХЬЭРЫКЪУЭ

Уэ ди пщIантIэм гъуэрыгъуапщкIуэ
Ущыджэгуу къолъэтыхь.
УмэжалIэм, зумыгъэпщкIуу
Лъабэ цIыкIукIи къыщожыхь.
СигъэщIынущ нанэ Iэмэ,
Сэ къабзабзэу зыстхьэщIынщ.
Уэри къакIуэ, къэтIыс Iэнэм,
Дызэгъусэу Iэмэ тщIынщ.

## Егъэджак1уэхэм я гъэт1ылъыгъэ

***Тхьэщыгъуей Сусаннэ*** Къэхъун дэт езанэ курыт еджапIэм и пэщIэдзэ классхэм щеджэрт мы хъыбарыр щызэхилъхьам. Сабийм дэIэпыкъуэгъу хуэхъуари, тхыгъэр тхуэзыхъумари абы и япэ егъэджакIуэ ***Щомахуэ Людмилэщ.***



Сусаннэ псысэр щытха ныбжьыр



Иджыпсту КъБКъУ-м химиемкIэ
и къудамэм ехъулIэныгъэ иIэу щоджэ, 3-нэ курсщ

# МЭЗТХЬЭРЫКЪУЭ

Еуэрэ-еуэт, жи, зы къуажэ гуэрым зылIрэ зы фызрэ дэст. Абыхэм зы щIалэ яIэт, ТIалэкIэ еджэу.

Зы махуэ гуэрым ТIалэ мурад ищIащ мэз кIуэну. Пщэдджыжьым жьыуэ гур зэщIищIэри дэкIащ. Куэдрэ хэта, мащIэрэ хэта ар мэзым, сытми, и пхъэ гулъэр изу къыздэкIуэжым, макъ гуэр къызэхех. Макъыр къыздиIукIымкIэ иунэтIащ.

Нэсмэ – елъагъу: ягъэува къапхъэным зы тхьэрыкъуэ дахэ дыдэ иубыдащ. ЩIалэм ар къиубыдыну щыхуежьэм, тхьэрыкъуэм къопсалъэри жеIэ:

– КхъыIэ, сыутIыпщыж! Сэри зыгуэркIэ сэбэп сыпхуэхъужынщ.

ТIалэ ар щызэхихым тхьэрыкъуэ цIыкIур иутIыпщыжащ, езыри унэм къэкIуэжащ.

Ауэрэ илъэс зыбжанэ дэкIащ. ТIалэ мэз кIуащ, пхъэ тIэкIу къэсшэнщ, жиIэри. Пхъэр гум из къищIа къудейуэ зы дыгъужь къыпэувауэ и дзэр зэригъэшхыу къыжреIэ: «Сыту фIыуэ укъысIэрыхьа! Ауэ сытми сымэжалIэрэ сэ!» Абы хэту ТIалэ къелъагъу тхьэрыкъуэ цIыкIур. Абы дыгъужьым и щхьэ щыгум къыщилъэтыхьырт, ар зэрыIуишын Iэмал къилъыхъуэу. Мо гъунэгъубзэ къыхуэхъуа тхьэрыкъуэм худоплъей дыгъужьыр, епхъуэн хьэзыру. Ар Iуолъэт, мо къэбырсеяри кIэлъокIуэ. Ауэрэ жыжьэу мэзым хишащ. ТIалэ псынщIэу зыкъызэщIикъуэри мэзым къыхэкIыжащ.

Мис апхуэдэу ТIалэ тхьэрыкъуэр къыдэIэпыкъуэжащ.




ЛЫКЪУЭЖЬ Залинэ

# ХЭТ НЭХЪ СУПЕРМЕН?

– Суперменыр – псом нэхърэ нэхъ къаруушхуэ зыхэлъ лIыхъужьщ, – и фIэщ дыдэу жеIэ Аслъэн.

– Гъэщ Iэгъуэнщ, ар сыт щхьэкIэ? – йоупщI абы Хьэсэн.

– Суперменым сытри хузэфIокI: малъэ, мэлъатэ, планетэхэр зэблегъэувыкI.

Хьэсэн мэпапщэ.

– Iуэхушхуэ хъуаи планетэхэр зэблигъэувыкIмэ! ГъущI цIыхур-щэ?! Аращ псом нэхъ- рэ нэхъ лъэщыр, сытри зыхузэфIэкIыр! Техникэм и генийщ ар, абы хуэдэ щыIэкъым, и Iэпэр май гъагъэм и уафэ бзыгъэмкIэ ишийри пищащ Хьэсэн, – ГъущI цIыхур Тхьэхэм ятекIуэрт. Мис аращ!

Аслъэн къыщолъэт, жиIэнуIауэ, ауэ зэгуэпыщауэ зыри къыхудэшейркъым. ТэлайкIэ мэ- гупсысэри, къызэролъэлъ:

– Суперменыр сыт хуэдэ хьэпшыпми зэпхроплъыф. Абы и уIэгъэр асыхьэтым мэкIыж, хьэршым къыщыIу макъ нэгъунэ зэхех. Аращ псом нэхърэ нэхъ лъэщыр.

– Хьы! ГъущI Iэпщэ и Iэм пытщ: огнемети, ракети, лазери! – къимыкIуэт Хьэсэн.

Аслъэнрэ Хьэсэнрэ я IэштIымхэр якъузу зэпэщытт, зы псалъэ закъуэ яхэбдзэмэ, зэ- зэуэн хьэзыру.

– Хасик, уримыхьэжьэт иджы, – удзыпцIэм къыхопсэлъыкI иджыри къэс зыри жызы- мыIэу а тIум я зэныкъуэкъум щIэдэIуа Тимур.

– Тимыч, сыт-тIэ уэ жыпIэр? Хэт нэхъ лъэщ ГъущI цIыхумрэ Суперменымрэ? – хуо- плъэкI абы Хьэсэн.

Тимур зыри жимыIэу, уэгум щес пшэхэр щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм жьым зэры- ригъэувэм кIэлъыплъщ-кIэлъыплъри, хуэму къэпсэлъащ:

– Псом нэхърэ нэхъ лIыхъужьри, нэхъ лъэщри ар …си дадэшхуэращ.

– УгушыIэрэ уэ? – зэуэ къодыхьэшххэ Хьэсэни Аслъэни, икIи тIури ауаныщIу Тимур къыхуоплъых.

– Сэ сыгушыIэкъым. Ар Хэку зауэшхуэм хэтащ икIи къелащ. Дадэшхуэ шуудзэм и капи- тану щытащ, Берлин нэси кIуащ. А фэ жыхуэфIэ егъэлеяхэм хуэди хэтакъым.




Тимур зыхудэплъей уафэм щес пшэхэр зэм кхъухьлъатэу, зэми танк теплъэ яIэу зэхохьэ.

– Кларк Кентрэ Тони Старкрэ къару егъэлея яхэлъащ, армыхъумэ си адэшхуэм лIыгъэкIэ хузэфIэкIам и ныкъуи а тIуми яхуэзэфIэмыкIынурат-тIэ! Тхьэмахуэ яхуэшэчынтэкъым абыхэм апхуэдэ гугъуехьыр...

– ЖиIэнщ иджы, – идэкъым ар Аслъэн. – Суперменым и зэ Iуплъэгъуэм къегъэувыIэф я нэхъ зауэ гуащIэри.

– Хэт и Супермен? Сэ жыхуэсIэр Кларк Кентщ. Къару егъэлея зыхэмылъ цIыху къызэрыгуэкIщ. ЗыпэщIидзэфынут абы танкым, гранат фIэкIа зыри имыIыгъыу, зэрыхэкIуэдэнури ищIэу?!

ЩIалэ цIыкIухэм жаIэнур ямыщIэу щытт.

– Хьэмэрэ Тони Старк хузэфIэкIыну пIэрэт, Гастелло ещхьу, мафIэм ис кхъухьлъатэр зэригъакIуэурэ нэмыцэ кхъухьлъатэм езэуэну?

– УпщIэ гугъущ, Тимыч ар... Ауэ, уэр дыдэми абы и пэжыпIэр пщIэркъым. Къэбгупсысмэ, тщIэрэ? Зэм уи адэшхуэр кавалеристу щытауэ жыбоIэ, зэм кхъухьлъатэм теухуауэ зыгуэрхэр къыбопсэлъ, – Тимур жиIэхэр хуидэркъым иджы, удзыпэ цIыкIур зыгъэныщкIуу абы къыхущIэплъ Аслъэн.

– Сэ ар хьэкъыу сощIэ, Лъанэ. Кхъухьлъатэм теухуар псалъэм къыдэкIуэу жысIауэ аращ. Зауэм хэта лIыхъужьхэу Гастеллэрэ Мересьевымрэ сигу къэкIыжат. А Мересьев жыхуэсIэм езым и лъакъуитIри пымытыжу кхъухьлъатэр зэрихуэрт… Си адэшхуэр шым тесу Берлин къэзыщтахэм яхэтащ, ди Унэ Хужьым хуэдэу, абы яIэ я Рейхстагым зи цIэр тезытхахэм ящыщщ… Ей, дэнэ фыздэжэр?! – къызэфIэтIысхьауэ якIэлъоджэ Тимур щIэпхъуэжа и ныбжьэгъуитIым.

– Ди адэ-анэхэм я деж. ДащIэупщIэнущ дэри ди лIыхъужь дадэшхуэхэм…

– Ди супер-дадэшхуэхэм!

Тимур пыгуфIыкIри удзым зыхигъэукIуриежащ. Уэсым хуэдэу, пшэ хужь Iэтэ щабэхэр уафэгу щхъуантIэм мамыру щесырт.

*ЗэзыдзэкIар* ***ТХЬЭКЪУАХЪУЭ Фозэщ***

КЪАНЩОКЪУЭ Владимир

# Хэт йофIакIуэ, хэт йокIакIуэ



● Сурэтхэр зытращIыкIар хэт сымэ? Я цIэхэр усэ сатырхэм къыхэвгъуати кIэщIэфтхэж.

Идар я дадэ доIэпыкъу,
ЛантIэчкIэ бжыхь зэрегъэуIу.
Хьэмид, и лъакъуэр зэтедзауэ,
Удз кIырым хэлъщ, зиудыгъуауэ.
Хьэишэти нанэ доIэпыкъу,
Джанэ ядам иредэ щIыIу.
Ядар лэжьам хуагъэфэщащ,
Абы щхьэхынэр ехъуэпсащ.
Идар ар IуэхукIэ къилэжьащ,
Хьэмид удз кIырым щыжеящ.





















***

Имран и адэм и Iуэхузехьэщ,
Мэкъу Iэтэ Iэзэу зэтрелъхьэ.
Азимэ джэгум дихьэхащ,
ПшахъуэщIым хэсу зиущэхуащ.
Сыт щыIэ Линэ имыщIэфу?!
Унагъуэ шхынхэр еупщэфIыр.
Лэжьар шхэжауэ, мапкIэ-малъэ,
Джэгуам еухуэ пшахъуэ къалэ.

***

Алим, и Iуэхухэр къигъанауэ,
Дэтщ хьэулейуэ, зигъэпсауэ.
ХегъэщIыр Санэ и Iуэху Iыхьэр,
Абы лэжьэным и гур хохьэр.
Залым уэрамым къытемыкI,
Хъаний лэжьыгъэр игу пымыкI.
Эльдар хуэIэзэу ебж Iэщ бжыгъэр,
Уолъагъур ар зэрыгубзыгъэр.
Лу школым мыкIуэу къыдэнащ,
Сымаджэ нэпцIу зыкъринащ.

МыщхьэхыМ, Iуэхум хуэIэижьым
ПщIэ щигъуэтынщ мы дунеижьым.
Щхьэхынэм и щхьэр и биижщ,
Абы езым зегъэпудыж.






# АМАЛИЯ И ЗЭФIЭКIХЭР



***Налшык дэт 20-нэ курыт еджапIэм и 5-нэ классым щеджэ, 2-нэ сабий музыкэ школым и гъэсэн, илъэсипщI хъу БатI Амалие щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и мызакъуэу уэрэд жыIэнымкIи ехъулIэныгъэ иIэщ.***

Илъэситхум курыт еджапIэм ягъэкIуа хъыджэбз цIыкIур къызэрымыкIуэу гурыхуэщ. ЕджапIэм «тху» защIэкIэ щеджэ пщащэр уэрэд жыIэнми дихьэхыу къыщащIэм, ар музыкэм щыхурагъаджэ школым храгъэтхащ. Макъамэр зи псэм хэлъ Амалие пианини йоуэ, уэрэд жыIэнкIи хуабжьу йохъулIэ. Абы и егъэджакIуэр ***БжэIумых Ларисэщ.***

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондымрэ ЩIэныгъэмкIэ министерствэм хыхьэ «ЩIалэгъуалэ центрымрэ» зэщIыгъуу Кенже къуажэм мазаем и 20-21-хэм къыщызэрагъэпэщат «Берега дружбы» VI дунейпсо фестивалыр. Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм теухуа абы и унэтIыныгъэм илъэси 9-10 хъу сабийхэр хэтащ. БатI Амалие абы и лауреат хъуащ икIи мы накъыгъэ мазэм Сочи къалэ щрагъэкIуэкIыну фестивалым и кIэух зэхьэзэхуэм ирагъэблэгъащ.

Адыгэ театрым гъатхэпэм и 14-м щекIуэкIа уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм я «Золотой Орфей» урысейпсо зэпеуэми щытекIуащ БатI Амалие.

Уэрэдымрэ макъамэмрэ зи Iэпэгъу пщащэ цIыкIум дыхуохъуапсэ ди щIыналъэм и гъунапкъэр къызэринэкIыу щIыпIэ нэхъ жыжьэхэми и цIэр щыIуну, республикэмрэ къэралымрэ я «вагъуэхэм» абы и цIэри хатхэну.

# ЗЭШЫПХЪУ ТХЬЭIУХУДХЭМ Я ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭХЭР





Псыгуэнсу дэт езанэ курыт еджапIэм «5» защIэкIэ щоджэ сурэтым щыфлъагъу зэшыпхъу дахитIыр: ***Къэзаншхэ Кассандрэрэ Элладэрэ.*** ПэщIэдзэ классым кIуэ зэшыпхъу цIыкIухэр сурэт щIынымрэ уэрэд жыIэнымрэ нэхъ дахьэх. Нэхъыщхьэр – я щIэныгъэм хагъэхъуэным пщащэхэр зэпымыууэ зэрыхущIэкъурщ.

Илъэсибгъу зи ныбжь, 3-нэ классым щеджэ Кассандрэ и егъэджакIуэр ***Къанкъул Алесэщ.*** Сурэт щIынымкIэ Прохладнэ къалэм щекIуэкIа «Праздничное настроение» щIыналъэ зэпеуэм илъэси 7–9 ныбжьым итхэм хухаха «Сурэт» унэтIыныгъэм Кассандрэ 1 увыпIэр къыщихьащ икIи ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ. Абы и адэ-анэр, адэшхуэ-анэшхуэр, и ныбжьэгъухэр ирогушхуэ сурэт щIыным ехъулIэныгъэ зэрыщиIэм. Илъэсих зи ныбжь Элладэ курыт еджапIэр и щIэщыгъуэщ, 1 классым макIуэ. Ар и шыпхъу нэхъыжьым доплъей, абы дилъагъу зэфIэкIхэр и щапхъэу къыдокIуэтей, и егъэджакIуэ ***Къардэн Аринэ*** къаригъащIэхэри псынщIэу къепхъуатэ.

Кассандрэрэ Элладэрэ я анэ Мадинэ зэрыжиIэмкIэ, зэшыпхъуитIым я анэдэлъхубзэр зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъагъу, я бзэм пщIэ хуащIу къыдокIуэтей. Пщащэ цIыкIухэм я цIэ хьэлэмэтхэр яфIэзыщар я адэмрэ адэшхуэмрэщ.

*Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар* ***ТЕКIУЖЬ Заретэщ***



МЭЛЕЙ Фатимэ

# Псылъэ

Пшапэхуегъэзэкlщ. Зауэ зэхэуэ гуащlэр тэлайкlэ щызэпыум, сэлэтым и псыхуэлlэр къэетэжащ.

– Бетэмал, псы lубыгъуэ закъуэ. Псы lубыгъуэ… Дунейм дэнэ къисхыну? Гъусэ гуэри симыlэу, псы лъыхъуэ сыlукlауэ бийр къежьэжмэ-щэ? Си «Максим» закъуэращ псоууэ къытхуэнэжар. Хьэуэ, сыlукlыныр ажалым хуэдэщ, ауэ псы lубыгъуэ… абы фlэкlмэ, сызэфlэмэхэнущ, – ахэм здегупсысым къэнэжа ашыкитlыр зрелъэфалlэри шэхэр зэрылъ лентlхэр «Максим» пулемётым и гъунэгъуу егъэтlылъ. Езыр окоп джабэм хьэмбыlуу кlэротlысхьэри напlэхэр къыфlощэтэх… абы хэту и щlыбагъымкlэ lэуэлъауэ къыщызэхех. Къызэплъэкlмэ – щlалэ гъур цlыкlу окоп джабэм къыкlэрысщ.

– Ухэт? Узыхуейр сыт? – ерагъыу егъэпlэжьажьэ и lупэ гъущlахэр.

– Сэ мо къуажэм сыщыщщ, – и щхьэр ещl къыздикlа лъэныкъуэмкlэ. – Гъуэмылэ къыпхуэсхьащ, – ар жери хъуржыным кърех кlэзет гъуабжэм кlуэцlылъ чыржынымрэ кхъуей хьэлэ ныкъуэмрэ.

Сэлэтым и нэр нэпсейуэ хъуржыным йоплъ.

Щlалэ цlыкlур йоlэбыхри, птулъкlэ щхьэ быхъу, и зэхуэдитlым нэсу шэ иту, сэлэтым къыхуеший.

– Къащтэ! – и нэр цlууэ птулъкlэр къепхъуатэри ирефэ. И lупэхэр илъэщlыжурэ къыпогуфlыкl:

– Тхьэразэ къыпхухъу, щlалэфl. Псы щхьэкlэ сымэхырт… – чыржынми кхъуейми хуищlэу зырызэ йодзакъэри итlанэ… зыкъещlэж. – Мы зауэ губгъуэм емынэм укърихуа?! Шэ цlыва къыптехуэмэ-щэ?

– Иджыпстукlэ щымщ. Си анэращ гъуэмылэ зэрызылъхьар, – «Уи адэри зыщlыпlэкlэ щозауэ. Шхын тlэкlу сэлэтхэм lузгъэхуэфамэ, хэт



ищIэрэ, уи адэм къэрэгъул бжыхь хуэхъунт» – жиIэу къэкIуэнурати, хуэздакъым. Сэ, пщIэрэ, джэдум сыхуэдэщ… Зыми гу къыслъитакъым. Уи «Максимым» и макъым уи деж сыкъишащ.

Тэлайкlэ щыму щытри, абы къыщlигъуащ: «Иджыри зыгуэр ухуей?»

Кlуэ, иджы кlуэж.

– Жыпlэр сыт! А къысхуэпщlам уасэ зэримыlэр пщlэрэ, щlалэфl? Кlуэ, иджы кlуэж.

– Нэгъуэщl мыхъуми, псы къыпхуэсхьынщи, итlанэ сыкlуэжынщ, – жеlэ щlалэ цlыкlум.

– Нэгъуэщl мыхъуми, псы къыпхуэсхьынщи, итlанэ сыкlуэжынщ, – жеlэ щlалэ цlыкlум.

«Псы» псалъэр зэрызэхихыу, сэлэтыр къоlэнкун. Ар сабийм къегъэсэбэпри:

– Мыбдежщ псынэри, жыжьэкъым, уэ умыгузавэ, – жи.

– Щlым зыхэудыгъуэ, ауэ къудей уи щхьэр къыумыlэт, – жери сэлэтым псылъэр хуеший.

Щlалэ цlыкlур, ар епхъуатэри, пшапэ зэхэуам хобзахэ. Ар къызэрыта сыхьэт ныкъуэм сэлэтым къигузэвам ущlэмыупщlэ! Сабийр зэриутlыпщам хущlегъуэжауэ зыкъытриlэтыкlрэ зиплъыхьу, зыщlэдэlукlыу зэманыр игъэкlуащ. Сытми, хэпщlыкl къудейуэ lэуэлъауэ къызэхех, тэлай докlри щlалэ цlыкlум и щхьэр къелъагъу… Уэхухуху! Хуиту мэбэуэж.

Щlалэ цlыкlум псалъэмакъыншэу псылъэр къыхуеший. Сэлэтым щlалэ цlыкlум, lэплlэ хуещl. «Ди Тхьэ, къэхъумэ мы сабийр. Плъагъуркъэ мы лlыхъужьым сэ къысхуищlар! Теклуэныгъэр ди lэрылъхьэщ!».

Щlалэ цlыкlур окопым кърйгъэкlыжри нэкlэ игъэlэпхъуэжащ сэлэтым, гушхуэу, абы и уафэ бзыгъэм Теклуэныгъэ ныр плъыжьыр хэуфэразэу и нэгу къыщlигъэхьэу, езым и псэр абы и гъащlэм тыхь хуищlми, сабийм и адэр къелыну тхьэ хуелъэlуу.

...Махуэ бжыгъэ дэкlри «Максимым» и макъыр зэпыуащ. Абы дэувыlащ губгъуэжьым щекlуэкlа зауаер.

...Къуажэ гъунэгъум къикlа лlыжьхэмрэ сабий нэхъ танэхэмрэ сэлэт хэкlуэдахэр губгъуэм щызэхуахьэсыж. Зы щlалэ цlыкlу щхьэщытщ танкым зэхивыхьа щlыпцlэм – зэгуэр окопэу щытам. Абы и гур къипкlын къудейуэ йоплъ щlыгулъым къыщlэщ сэлэт псылъэм. Ар зэхэушкlумпlат. Абыкlэ псы къыщихьым и lэпэхэм зыхащlа хьэрфым ар иджы йоплъ, гукlэ толъэщlыхь, и нэпсыр псылъэм тежабзэу.



# Сурэтыщӏ цӏыкӏу

***БАТЫР Камиллэ*** Налшык дэт 14-нэ Гимназием 6-нэ классым щоджэ, илъэс 11 и ныбжьщ. Зэрысабийрэ сурэт щӏыным дехьэх хъыджэбз цӏыкӏур, гъащӏэм и плъыфэхэр къигъэлъэгъуэну хуейуэ, махуэ къэскӏэ тлъагъу хьэпшыпхэм нэгъуэщӏынэкӏэ дригъэплъыну хъуапсэу. Камиллэ и ӏэзагъэм щыхигъахъуэу илъэс ещанэ хъуауэ макӏуэ сурэтыщӏ ныбжьыщӏэхэм я еджапӏэм.

Зи гъэлъагъуэныгъэхэм дыщыгуфӏыкӏын сурэтыщӏ ӏэзэ тхьэм уищӏ, Камиллэ!











*Математикэр щIэныгъэу щыIэм я Гуащэщ. Абы хуэдэу цIыхум зезыгъэужь щыIэкъым. Есэпым дихьэххэм папщIэ рубрикэщIэ къызэIудох. Ар зыгъэхьэзырыр ди университетым есэпымрэ программэ зэхэгъэувэнымк1э и къудамэм щеджэ* ***ХъуэкIуэн Фатимэщ.***

# ПСЫНЩIЭРЫБЖЭ

Есэпым и1эжщ езым и щэху цIыкIухэр. Ар фощIэ, дауи, абы дихьэххэм. Псалъэм папщIэ, сыт хуэдэ бжыгъэри 10-кIэ дгъэбэгъуэнумэ, а ди бжыгъэм зы ноль пыдогъэувэри, дызэфIокI: (3×10 = 30); 100-кIэ дгъэбэгъуэнумэ – нолитI (3×100 = 300).

АтIэ, 11-кIэ зэрагъэбагъуэми езым и щэху зэриIэжыр фщIэрэ? Ари тынш дыдэщ.

**А)** БжыгъитIу зэгуэтхэр (двузначные цифры) 11-кIэ щыдгъэбагъуэм и деж а бжыгъитIыр зэгудох, я зэхуакум а тIур зэхэтлъхьэмэ къыщIидзынур дыдотхэри, жэуапыр хьэзырщ!

**Щапхъэхэр:**

**$63 \times 11 = ?$**

**$6\,|6+3|\,3 = 693$;** **$63 \times 11 = 693$ !!!**

**$54 \times 11 = ?$**

**$5\,|5+4|\,4 = 594$;** **$54 \times 11 = 594$ !!!**

**Б)** Бжыгъэ зэгуэтитIыр зэхэплъхьа иужь бжыгъэ зэгуэт къыщIидзмэ-щэ?
$79 \times 11 = ?$

Абы щыгъуэм зэрытщIыр мыпхуэдэущ: бжыгъэ зэхэтлъхьам къыщIидзам и япэ дамыгъэр (1) ипэ итым хыдолъхьэ, адрейр къызэрынам хуэдэу дотх.

**Щапхъэ:**

**$79 \times 11 = 7|7+9|9$;**

**$7\,|16|9 = 7+1\,|6|\,9 = 869$;** **$79 \times 11 = 869$ !!!**

**$98 \times 11 = 9\,|9+8|\,8$**

**$9\,|17|\,8 = 9+1|7\,|8 = 1078$;** **$98 \times 11 = 1078$ !!!**

*(КъыкIэлъыкIуэнущ)*



## Махуэшхуэ

Налшык дэт 31-нэ сабий садым екIуалIэ сабийхэмрэ абы я гъэсакIуэхэмрэ нэгузыужь Iуэхугъуэ куэд ирагъэкIуэкI. Сурэтым щыфлъагъур етхуанэ гупым хэтхэрщ. Гъатхэм и махуэшхуэхэм ящыщ зым щытетхащ.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 5 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 27.04. 2021 г.
Выход в свет 28.05. 2021
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC,
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1130 экз.
Заказ №1039
Индекс П 5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.